

BAHASA JAWA KELAS 6 SEMESTER 1

KD 3.1. Memahami teks deskriptif tentang museum dan peninggalan sejarah

Monumen Pangeran Diponegoro

Dhek dina Minggu sasi kepungkur Bawa karo bapak lan ibune menyang Monumen Diponegoro. Papane ing Jalan HOS Cokroaminoto, Tegalrejo, Ngayogyakarta. Prenahe, sakulon Stasiun Tugu kira-kira telung kilometer.

Bima lan bapak ibune budhal saka ngomah watara jam enem esuk numpak bis. Tekan terminal Giwangan, Bawa banjur numpak bis kota jalur 12 ngliwati prapatan Wirobrajan ngalor mlumpat rel sepur Tegalrejo. Mudhun saka bis kota, Bawa mlaku ngulon sedhela wis tekan plataran parkir monumen.

Bima lan bapak ibune banjur mlebu ing monumen liwat gapura dhapur semar tinandhu. Sacedhake gapura ana patung Jenderal Sudirman lan Jenderal Urip Sumoharjo. Uga ana relief kang nggambarake perange laskar Diponegoro mungsuh Kompeni Walanda. Tekan plataran monumen Bima weruh ana tunggak wit manggis. Wit manggis iku mbiyen kanggo nyencang jarane Pangeran Diponegoro.

Bima banjur mlebu monumen liwat pendhapa tekan jero dalem Tegalrejo sig saiki kanggo museum. Isine museum wujud barang-barang tinggalane Pangeran Diponegoro, kayata : Alquran, jubah, teko cangkir, keris, meja kursi lan liya-liyane.

Ayo Nyoba!

Isenana titik-titik ing ngisor iki kanthi milih tembung-tembung ing njero kothak!

1. Pangeran Diponegoro ngunjuk ngagem
2. Bocah-bocah padha lungguh ana ing
3. Dhek Minggu Bawa dolan menyang ... Ullen Sentalu.
4. Saiki saben dalan mlebu kampung dibangun
5. Pangeran Diponegoro ngagem ... putih.
6. Ing tembok Candhi Prambanan diukir wujud ... crita Ramayana.
7. Bise parkir ana ing ... museum.
8. Sesuk Minggu Tari arep menyang ... Jogja Kembali.
9. ... Tegalrejo saiki dadi papan wisata.
10. Museum Sonobudoyo ... ana lor kulon alun-alun lor.

beskap
manggon
cangkir

relief
latar

plataran
museum

gapura
teko

Kampung
monumen